



WE ARE YOUR DOL

NEW YORK
STATE OF
OPPORTUNITY
Department
of Labor

DWA AK RESPONSABILITE ANPLWAYÈ YO

Sou Public Employee Occupational Safety and Health Act Eta New York la

Public Employee Occupational Safety and Health Act (Lwa Sekirite ak sante Okipasyonèl Anplwaye Piblik) ane 1980 an kouvri tout anplwaye piblik nan nivo Eta ak lokal. Lwa a ofri menm estanda sekirite ak sante OSHA yo ki aplike pou travayè nan sektè prive an anplwaye nan sektè piblik la. Fèy enfòmasyon sa a ba ou yon apèsi nan sa ki nan lwa a.

RESPONSABILITE ANPLWAYÈ

Anba Lwa a, anplwayè yo se:

- Eta a
- Nenpòt dezyèm divizyon politik Eta a
- Otorite piblik kreye pa Eta a

Yon anplwayè dwe:

- Bay anplwaye yo yon espas travay san danje
- Pwoteje lavi, sekirite ak sante anplwaye yo ak
- Konfòme yo avèk tout estanda yo ki nan Lwa Sekirite ak Sante Okipasyonèl Etazini a

ESTANDA YO

Lwa a mande pou Manm Komisyon travay la adopte tout estanda nan Lwa Sekirite ak Sante Okipasyonèl Etazini a.

ENSPEKSYON YO

Se sèl Manm Komisyon Travay la ki gen otorizasyon pou mete an aplikasyon estanda sante ak sekirite ki obligatwa selon Lwa a. Yon enspeksyon ka fèt akòz plent, yon aksidan, oswa yon pati yon pwogram ki pwograme regilyèman. Nou bay plis priyorite bay enspeksyon pou danje ijan yo. Nou envite reprezantan anplwayè a ak anplwaye yo ale avèk enspektè a pandan yon enspeksyon. Sa rele yon “balad”.

POU METE PRENSIP LA AN APLIKASYON

Si nou bay yon konpayi yon Avi Vyolasyon ak Lòd pou Konfòme, li pral:

- Dekri vyolasyon an

- Refere a estanda ki an kesyon an
- Mete kalite vyolasyon an (grav, ki pa grav, volontè oswa repete) ak
- Mete yon tan pou konfòmite

Lè Manm Komisyon an bay yon lòd pou konfòme, konpayi a dwe afiche li oswa yon kopi li:

- Yon kote tout moun ka wè li
- Sou espas vyolasyon an oswa tou pre li
- Kote li fasil pou anplwaye ki afekte yo kapab wè li

Manm Komisyon an pral bay kopi Lòd pou Konfòme bay tout òganizasyon ki reprezante anplwaye yo.

EVALYASYON SANKSYON

Nou enpoze yon evalyasyon sanksyon pou CHAK JOU sou yon yon konpayi ki pa korije yon vyolasyon avan dat pou rezoud pwoblèm nan. Toutotan vyolasyon an pako korije, n ap mete yon sanksyon jiska:

- \$ 50 chak jou pou chak vyolasyon ki pa grav epi
- \$ 200 chak jou pou chak vyolasyon ki grav

Nou mete sanksyon pou chak vyolasyon nan Avi Pou Pwoblèm ki pa Rezoud la.

KONFERANS ENFÒMÈL

Si gen pwoblèm nan yon enspeksyon an ak lòd pou konfòme a, nou pral fè aranjman pou yon konferans enfòmèl. Sa a se yon reyinyon Enspektè Sipèvizè Biwo Sekirite ak Sante Anplwaye Piblik la (Public Employee Safety and Health, PESH) pou diskite pwoblèm ak yon konpayi, anplwaye, oswa yon reprezantan otorize anplwaye yo. Pou mande yon konferans enfòmèl, kontakte biwo distri PESH ki pi pre w la pa telefòn oswa lèt, nan 20 jou travay apre dat yo te bay lòd la.

APLIKASYON JIDISYÈ

Si anplwayè a pa konfòme li ak lòd la avan dat limit la, nou kapab pran aksyon legal selon Atik 78 nan Civil Practice Law and Rules (Lwa ak Règ Pratik Sivil) la.

KONTESTASYON

Si yon anplwaye pa dakò ak yon lòd, li menm oswa reprezantan li ka konteste bay Komite Kontestasyon Endistriyèl (Industrial Board of Appeals) la nan 60 jou.

Voye kontestasyon an bay:

Industrial Board of Appeals
Empire State Plaza
Agency Building 2, 20th Floor
Albany, NY 12223

Si yon anplwaye oswa anplwayè pa satisfè avèk yon desizyon Komite Kontestasyon Endistriyèl la, li ka kòmanse yon pwosè selon Atik 78 nan Civil Practice Law and Rules la. Yo dwe fè sa nan 60 jou apre desizyon Komite a.

AKÒ KONFÒMITE ALTÈNATIF

Si Anplwayè Piblik la pwopoze yon diferan fason pou konfòme, PESH kapab dakò ak yon akò konfòmite altènatif. PESH ap mande Inite Sèvis Jeni nan Divizyon Sekirite ak Sante a (Division of Safety and Health's Engineering Services Unit, ESU) pou ede egzaminen pwopozisyon anplwayè a. Anplwayè a ap soumèt altènatif yo bay ESU, ki pral egzaminen li epi pwogram yon rankont pou diskite epi amelyore pwopozisyon an.

Anplwayè a, Sendika ki afekte yo, ak PESH ap patisipe nan reyinyon sa a. Yo pral ekri rezilta reyinyon an nan yon akò konfòmite altènatif tout pati yo te dakò ak li. PESH pral fè yon enspeksyon swivi pou asire anplwayè a te respekte akò konfòmite altènatif la.

ENJONKSYON

Lè enspektè yo wè yon sitiyasyon ki ka prezante yon danje iminan pou yon anplwaye gen gwo danje fizik oswa mouri, yo dwe di anplwaye ki enplike yo ak anplwayè a sa, epi mande pou yo rezoud sa touswit.

- Si anplwayè a dakò ak enspektè a epi li aji pou elimine danje iminan an, p ap gen bezwen pou okenn enjonksyon.
- Si anplwayè an pa dakò epi li refize aji pou elimine danje a, enspektè a pral di tou de pati Manm Komisyon Travay la pral pran aksyon legal pou amelyore sitiyasyon an. Nan ka sa yo Manm Komisyon an dwe al dèyè yon enjonksyon nan 48 èdtan. Si Manm Komisyon an pa aji, nenpòt moun ke sitiyasyon an afekte kapab fè sa.

KONSILTASYON

Anplwaye PESH se se konsiltan ki gen eksperyans nan zafè sekirite ak sante. Yo disponib, sou demann, pou nenpòt anplwayè pou konsèy sou zafè sekirite ak sante. Konsiltan an pral egzaminen sit anplwayè a ak operasyon yo pou wè si yo konfòme ak dènye estanda sekirite ak sante yo. Rapò yo pral ofri rekòmandasyon bay anplwayè an. Rrezilta sa yo ka vin yon dokiman piblik epi yo dwe pataje yo sou demann.

PETISYON POU MODIFYE DAT ABATMAN AN

Pafwa anplwayè yo pa ka konfòme yo avèk yon vyolasyon paske sèten bezwen pa disponib. Yo kapab aplike pou yon Petisyon pou Modifye Dat Abatman an, si yo manke:

- Pèsonèl pwofesyonèl oswa teknik oswa
- Materyèl ak ekipman ki nesèsè pou konfòme yo

Anplwayè yo dwe pwouve yo ap pran swiv etap disponib pou pwoteje anplwaye yo ki ekspoze a danje a. Yo dwe kreye yon pwogram pou yo ka konfòme yo pi vit posib.

DIVÈJANS

Anplwayè yo ka mande pou divèjans pèmanan nan yon estanda anba Lwa a. Yo dwe bay anplwaye yo:

- Avi sou chak aplikasyon ak
- Opòtinite pou patisipe nan yon odyans

Manm Komisyon an ka bay yon divèjans pèmanan apre pwosè, ki gen ladan yon odyans, si prèv montre:

- kondisyon, pratik, mwayen, metòd, operasyon, oswa pwosesis yo
- anplwayè a te itilize oswa pwopoze yo san danje pou lasante kòm si anplwayè a te konfòme ak estanda la

Nou ka modifye oswa anile yon divèjans pèmanan sou demann anplwayè, anplwaye oswa reprezantan anplwaye an. Manm Komisyon an ka aplike pou modifye oswa anile yon divèjans pèmanan sis (6) mwa apre dat yo bay avi a.

Anplwayè a ka aplike pou yon divèjans tanporè nan yon nivo nouvo estanda si yo pa ka konfòme avan dat limit la paske yo pa te gen materyèl, ekipman, oswa pèsonèl teknik ki disponib.

KONTABILITE

Pati 801 nan Tit 12 nan Official Compilation of Codes, Rules, and Regulations (Kòd, Règ, ak Regilasyon Konpilasyon Ofisyèl) Eta New York la presize obligasyon pou kenbe dosye jan Manm Komisyon an te etabli anba Seksyon 27a nan Labor Law (Lwa Travay) la. Ou kapab ale sou sitwèb nou an pou jwenn yon kopi règ yo.

DISKRIMINASYON

Okenn anplwayè gen dwa pou:

- Revoke oswa
- Disipline yon lòt fason oswa
- Nan nenpòt fason fè diskriminasyon kont nenpòt moun

paske anplwaye a te:

- Depoze yon plent oswa
- Kòmanse nenpòt demach anba pwogram sa a oswa ki asosye ak pwogram sa a

Anplwaye ki panse y ap fè diskriminasyon kont yo kapab depoze yon plent ak Manm Komisyon Travay la. Manm Komisyon an dwe mennen ankèt sou akizasyon an epi deside sou merit li.

ASISTANS FINANSMAN KI DISPONIB

Dapre kondisyon ki nan Lwa a, Komite Abatman an kapab ede soulaje depans pwojè kapital pou elimine danje sekirite ak sante okipasyonèl PESH bay sitasyon yo. Anplwayè Piblik yo ka aplike pou ranbousman 75 pousan nan kad pwogram sa a.

Sepandan, anplwayè piblik dwe korije nenpòt vyolasyon yo bay sitasyon avan dat abatman an. Yo ka korije vyolasyon an pa yon divèjans oswa pa lòt mwayen. Ajans Leta ak otorite piblik kreye pa Eta a pa kalifye pou finansman sa a.

POU PLIS ENFÒMASYON SOU FINANSMAN, KONTAKTE

Sekirite Komite a
Depatman Travay Eta New York
Bldg. 12, Rm. 436
State Office Campus
Albany NY 12249
518-457-7629

POU PLIS ENFÒMASYON, KONTAKTE YON BIWO DISTRI A

DISTRI ALBANY

State Office Campus
Bldg. 12, Rm. 158
Albany, NY 12240
518-457-5508

DISTRI BINGHAMTON

44 Hawley Street, Rm. 901
Binghamton, NY 13901
607-721-8211

DISTRI BUFFALO

65 Court Street
Buffalo, NY 14202
716-847-7133

DISTRI GARDEN CITY

400 Oak Street
Garden City, NY 11550
516-228-3970

DISTRI VIL NEW YORK

75 Varick St., 7th Floor
New York, NY 10013
212-775-3554

DISTRI ROCHESTER

109 S. Union Street, Rm. 402
Rochester, NY 14607
585-258-8806

DISTRI SYRACUSE

450 South Salina Street
Syracuse, NY 13202
315-479-3212

DISTRI UTICA

207 Genesee Street
Utica, NY 13501
315-793-2258

DISTRI WHITE PLAINS

120 Bloomingdale Road
White Plains, NY 10605
914-997-9514